Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL OTORIZE EGZONERASYON TAKS SOU PWOPRIYETE POU GRANMOUN AJE NOUYÒK YO

Lejislasyon S5175A/A3698A a pèmèt lokalite yo bay jiska 65 pousan egzonerayon taks sou pwopriyete pou kèk granmoun aje

Bati sou ajanda abòdablite Gouvènè a ki te gen ladan l rediksyon taks pou Nouyòkè klas mwayèn yo

Gouvènè Kathy Hochul siyen yon lwa ki amelyore egzonerasyon taks sou pwopriyete pou granmoun aje Nouyòk yo. Lejislasyon S5175A/A3698A a pèmèt lokalite yo bay yon egzonerayon taks sou pwopriyete pou granmoun aje ki satisfè limit kalifikasyon revni yo, pami lòt kritè, jiska 65 pousan nan evalyasyon pwopriyete yo. Lejislasyon sa a baze sou ajanda abòdablite Gouvènè a, ki te gen ladan l rediksyon taks pou Nouyòkè klas mwayèn yo.

"Okenn granmoun aje nan Nouyòk pa ta dwe pèdi kay li paske li pa kapab peye taks sou pwopriyete li ankò", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou siyen lejislasyon sa a, n ap travay pou fè Nouyòk pi abòdab pou granmoun aje nou yo ki gen revni fiks epi pou ba yo mwayen pou yo vyeyi lakay yo, nan kominote yo konnen ak renmen yo."

Pwojè lwa a pral bay lokalite yo opsyon pou ofri egzonerasyon taks sou pwopriyete jiska 65 pousan pou granmoun aje k ap viv anba nivo revni maksimòm kalifikasyon lokalite a fikse a. Anvan, pousantaj maksimòm egzanpsyon gouvènman lokal yo te kapab ofri pou granmoun aje yo te fikse a 50 pousan e li pa te ogmante depi plizyè deseni. Ogmante egzonerasyon an soti nan 50 pousan pou rive nan 65 pousan ta ka tradwi an ekonomi jiska 300 dola chak ane pou yon granmoun aje an mwayèn.

Direktè pa Enterim Biwo Eta Nouyòk pou Granmoun Aje (New York State Office for the Aging, NYSOFA) a, Greg Olsen, te deklare, "Gouvènè Hochul reyisi ankò pou l fè Nouyòk pi abòdab pou moun ak fanmi yo. Taks sou pwopriyete, sitou pou moun ki gen revni fiks, souvan ka difisil pou peye. Avèk plis pase 1.8 milyon granmoun aje ki posede pwòp kay yo, lwa enpòtan sa a ap kontinye ede granmoun aje yo rete nan kay ak kominote yo chwazi yo epi kenbe gwo kontribisyon yo nan Eta Nouyòk."

Senatè Eta Leroy Comrie te deklare, "Granmoun aje yo ap fè fas ak pri lojman k ap monte ak enflasyon—byen souvan yo ap viv ak yon revni fiks. Siyen S5175A pou fè l tounen yon lwa se yon etap enpòtan pou retabli yon vrè abòdablite pou granmoun aje

yo atravè Nouyòk. Lwa sa a pèmèt lokalite yo ofri jiska 65 pousan rabè bay granmoun aje ki kalifye yo pou moun ki gen kay depi lontan ka rete nan kominote yo avèk diyite ak sekirite. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, kòlèg mwen yo e espesyalman Manm Asanble David Weprin paske yo te kolabore pou bay yon sipò enpòtan pou Nouyòkè yo ki te ede bati eta sa a."

Manm Asanble David Weprin te deklare, "Mwen rekonesan pou angajman Gouvènè Kathy Hochul pou amelyore abòdablite pou tout Nouyòkè yo, ki gen ladan pwopriyetè kay granmoun aje nou yo. Lè nou fè pwojè lwa sa a vin yon lwa, n ap soulaje chay ogmantasyon taks sou pwopriyete imobilye a epi asire estabilite pou pwopriyetè kay ki se granmoun aje ki gen revni fiks ki ba yo. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye patenarya a avèk Gouvènè Hochul ansanm ak lòt lidè eli parèy mwen yo pou fè avanse ajanda abòdablite enpòtan sa a."

Lwa sa a kontinye avanse ajanda Gouvènè Hochul sou aksè ak aksesibilite, ki gen ladan l:

- Rediksyon Taks pou Klas Mwayèn: Apeprè 8.3 milyon Nouyòkè pral benefisye rediksyon nan to taks yo, sa ki pral fè taks klas mwayèn yo rive nan nivo ki pi ba yo depi 70 an.
- Ekspansyon Kredi Taks pou Timoun: Kredi Taks pou Timoun nan ap ogmante jiska 1,000 dola pou chak timoun ki poko gen katran e jiska 500 dola pou timoun ki gen laj lekòl, apati 2026.
- Chèk Ranbousman Enflasyon: Nouyòkè ki kalifye yo te resevwa jiska 200 dola pou chaj moun oswa 400 pa fanmi, sa ki rive 8.2 milyon moun.
- Manje Lekòl Gratis: Tout elèv K-12 yo gen aksè kounye a ak dejene ak manje midi gratis, sa ki pèmèt fanmi yo ekonomize jiska 1,600 dola pou chak timoun chak ane.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU